



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 20 POUSAN OGMANTASYON NAN BOUS DETID
EXCELSIOR NAN DEZYÈM ANE PREMYE PWOGRAM NAN NASYON AN**

***24,000 Etidyan ap Resevwa Bous Detid Ekselans nan Dezyèm ane a, Jiska 20,000
nan Premye Ane a***

***To Gradyasyon Atan Inivèsite Kominotè Plis Ke Double pou Etidyan Excelsior yo
Konpare ak Kanmarad yo***

Endikatè yo Montre To Finisman Atan yo Kontinye Ogmante

***Globalman Plis pase 210,000 Etidyan Pral Ale SUNY oswa CUNY Gratis, Gen
Ladan Etidyan k ap Resevwa Bousdetid Excelsior, TAP, Pell, ak lòt Èd Finansyè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 20 pousan ogmantasyon nan Bous Detid Excelsior nan dezyèm ane premye pwogram nan nasyon an Yo estime aproksimativman 24,000 etidyan SUNY ak etidyan CUNY ap resevwa Bous Detid Excelsior a (Excelsior Scholarship) nan fen dezyèm ane a, jiska 20,000 bous detid nan premye ane a.

Gouvènè a te anonse tou ke to gradyasyon atan de ane preliminè etidyan Excelsior yo ki te ale nan inivèsite kominotè SUNY ak CUNY yo te defwa pi wo pase to gradyasyon abityèl la. To gradyasyon atan pou etidyan Excelsior yo nan inivèsite kominotè SUNY yo se 30 pousan konpare ak to gradyasyon ki pa Excelsior ki se 11 pousan. Pou CUNY, to gradyasyon atan pou etidyan Excelsior yo se 30 pousan, konpare ak 12 pousan pou etidyan inivèsite kominotè yo ki pa Excelsior.

Anplise, depi 2016, SUNY ak CUNY te eksperimante yon ogmantasyon konsiderab nan pousantaj etidyan atanplen ki fèk antre yo ki ap pran 15 kredi oswa plis nan premye semès la - kantite ki nesèsè pou gradye atan an. CUNY te ogmante soti 31 pousan rive 44 pousan, tandiske SUNY te ogmante soti 54 pousan rive 58 pousan. Globalman, plis pase 210,000 etidyan pral ale SUNY oswa CUNY gratis, gen ladan etidyan k ap resevwa Bous Detid Excelsior, TAP, Pell, ak lòt èd finansyè

"Pwogram Bous Detid Excelsior a pati pou yon kòmansman ki enpresyonan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwogram lan plis lontan pase gratis pou lidè alavni New York yo - se yon pwogram finisman inivèsite ak reyalyasyon yon lisans. Nou konnen kounye a ke avèk Excelsior, etidyan yo sou wout akademikman pou reyalye lisans yo a nan de oswa 4 ane, epi fini inivèsite nan peryòd tan sa a tradwi nan ekonomi ki enpòtan pou etidyan klas mwayèn yo ak fanmi yo."

"Pwogram Bous Detid Excelsior a te yon gwo istwa ak siksè pou plizyè milye etidyan nan tout New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Ak pwogram sa a ki ap menen nan nasyon an, nou ap ouvri nouvo pòt ak wout pou siksè epi asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak edikasyon siperyè. Dèt etidyan se yon kriz nasyonal ki ap anpeche jèn moun yo reyalize potansyèl ekonomik total yo. Bous Detid Excelsior a kontinye rete yon fason efikas pou adrese kriz sa a, ak yon investisman nan avni Eta nou an."

Yo te mete an vigè pwogram Bous Detid Excelsior a sou twa ane, nan etann elijibilite pou plis fanmi New York chak ane. Pou ane akademik 2019-20 an, Nouyòkè ki gen revni fanmi yo jiska 125,000 dola ap elijib, sa ki ogmante soti 110,000 dola an 2018-19 ak 100,000 dola an 2017-18. Etidyan yo dwe enskri nan inivèsite atanplè epi konplete anviwon 30 kredi pa ane (sa gen ladan semès lete ak Janvyè yo) pou yo resevwa finansman sa a. Sepandan, pwogram lan gen fleksibilite dekwa pou nenpòt etidyan k ap fè fas a difikilte ka an mezi pou kanpe epi rekòmanse pwogram lan, epi tout etidyan kapab gen fleksibilite pou fikse kantite kredi nan yon semès depi yo konplete 30 kredi pa ane.

Prezidan Kòporasyon Sèvis Anseyman Siperyè Eta New York (New York State Higher Education Services Corporation) la, Dr. Guillermo Linares, te deklare, "Nan dezyèm ane a, Bous Detid Excelsior a te kontinye rann yon kantite san presedan etidyan New York kapab gen aksè ak edikasyon inivèsite. Sa se rann yo kapab satisfè egzijans mendèv demen an epi plase yo ak Eta nou an sou yon wout pou yon avni plis briyan".

Rektris SUNY an, Kristina M. Johnson te deklare, "SUNY kontinye rete yon edikasyon abòdab wot kalite, epi sa rive an grann pati akòz investisman kontini Eta New York nan etidyan nou yo pou frè eskolarite, liv, ak sèvis etidyan yo. Avèk Bous Detid Excelsior a, pwogram lan kontinye mache jan sa te pwomèt la - sa ki bay plis Nouyòkè chans pou yon edikasyon siperyè nan elimine depans pou frè eskolarite yo. Epi, kòm rezilta pwogram lan, etidyan yo gen plis chans pou rete sou wout pou konplete lisans yo atan epi avèk mwens dèt pase anpil lòt etidyan nan tout nasyon an".

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Bous Detid Excelsior a te yon avantaj ki pwouve pou Nouyòkè yo. Nan CUNY, sa vle di anpil pou konnen Gouvènè Cuomo angaje pwofondeman pou etann opòtinite pou tout etidyan yo. Bous Detid Excelsior a te pwouve ke li se yon veyikil itil pou etann aksè ak edikasyon siperyè epi kenbe etidyan yo sou wout pou konplete lisans yo - sa ki, jan nou konnen an, se yon kondisyon nesèsè nan yon ansanm wout k ap devlope pou karyè ki byen peye".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)